


Mèkredi 22 Avril 2020

Mizajou sou Kowonaviris COVID-19

Vil Malden, Massachusetts



W ap jwenn mizajou sa a ak lòt ankò nan:
cityofmalden.org/coronavirusupdates

Mizajou sou Malden

- Malden pral mete an plas yon [pwogram asistans lwaye](#) pou abitan ki afekte akòz kriz la.
- Konsèy Sante Malden nan te pibliye yon anons ki mande abitan yo mete mas lè yo soti deyò lakay yo.
- Konsèy Sante Malden nan te [pibliye yon lòd](#) pou biznis konsènan mas.
- Siveyan Jeneral Oteri te [pibliye mizajou](#) pou kominote Malden Public Schools la.

Mizajou sou Eta a ak Peyi a

- Gouvènè Baker te ratifye yon [lwa](#) k ap pwoteje mèt kay ak moun ki nan lwaye pou yo pa mete yo deyò oswa pran kay yo.
- Gouvènè Baker te pwolonje kantite tan tout lekòl piblik e prive yo ap rete [fèmen](#); kounye a l ap rete fèmen rive jis nan fen ane lekòl la.
- Depatman Sante Piblik la pibliye yon rapò [tablo](#) chak jou ki gen ransèyman detaye sou COVID-19 ansanm ak yon [mizajou chak semèn](#) sou konbyen ka yo konfime nan chak vil ak bouk Massachusetts.
- Gouvènè Baker te fè 2 sèvis disponib pou moun ki pale espanyòl. Kounye a ou ka [fè demann asirans chomaj](#) oubyen resevwa [anons nan mesaj tèks sou COVID-19](#) ann espanyòl nèt.

Mizajou sou Sèvis Vil la Ofri yo

- Si w gen difikilte pou w al nan makèt pou w achte sachè ble, ou ka kontakte biwo nou nan info@cityofmalden.org epi n ap ede w.
- Depatman paking nan ap relache egzijans yo anrapò ak paking pandan [sezon y ap netwaye lari a](#) k ap kòmanse 1 me.

Moun Malden ki Enfekte Apati
22 Avril 2020

Teste e Konfime (nan Izòlman)	569
Moun Mouri	19

Massachusetts

Teste e Konfime	42,944
Moun Mouri	2,182

Rete Brance epi Fè yo Avize w:


-[Enskri](#) pou yo voye anons ba w nan Imèl oswa mesaj tèks.

-[Enskri nan CodeRED](#) pou w jwenn anons nan telefòn ak SMS.

-[Mass.gov](#) ap voye anons nan SMS pou w si w voye "COVIDMA" bay 888-777

-[Enfòmasyon sou MA: Rele nan 2-1-1](#)

SUIV SOU REZO SOSYO



Mizajou pou Malden sou Kowonaviris -

Mizajou sou Malden Public Schools

Dapre [lòd Gouvènèn Baker te pase a](#), Malden Public Schools (MPS) pral fèmen pou rès ane lekòl la. Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè a (DESE) pral pibliye nouvo direksyon pou pwochèz faz aprann a distans lan. MPS kreye yon sondaj tou pou evalye ki jan Plan Aprann a Distans li an ap mache. Ou gendwa jwenn sondaj la nan maldenps.org/familysurveys. Enòmasyon an pral ede yo pi byen konprann ki jan pou yo sèvi fanmi yo ak ki jan yo ap ka bay teknoloji. Tanpri, pran kèk minit pou w ranpli sondaj la ki disponib ann anglè, espanyòl, chinwa, kreyòl ayisyen, viyetnmyen, arab, ak amarik.

Asistans Lwaye

An kolaborasyon avèk Otorite Devlopman Malden nan, Vil Malden nan ap kreye yon [pwogram asistans lwaye](#) pou ede moun Malden ki nan lwaye ki gen yon revni fèb ki pa ka peye lwaye yo akòz kriz COVID-19 la. Tandiske nou konnen eta a pase lòd pou yo pa mete moun deyò kay yo, e sa pral bay moun ki nan lwaye ki nan difikilte plis tan, nou konnen gen twòp fanmi Malden ki pral kontinye gen difikilte pou yo peye lwaye yo pandan kriz la. N ap travay di pou n mete pwogram sa a sou pye nan semèn k ap vini yo. N ap chèche fè [yon lis moun ki enterese](#) n ap avize lè pwogram nan sou pye e gen aplikasyon ki disponib.

Mizajou sou Biznis Malden yo

An kolaborasyon avèk Otorite Devlopman Malden nan, Vil Malden nan ap kreye yon [pwogram asistans pou ti biznis](#) pou ede biznis Malden ki gen difikilte akòz kriz COVID-19 la. Premye seri asistans lan pral limite ak ti biznis kote mèt biznis la gen yon revni fèb oswa revni mwayèn e ki gen 5 anplwaye aplentan oubyen mwens; gen lòt kritè ankò. Lòt seri asistans ki pral genyen yo gendwa gen lòt kritè. N ap travay di pou n mete pwogram sa a sou pye nan semèn k ap vini yo. N ap [chèche fè yon lis moun ki enterese](#) n ap avize lè pwogram nan sou pye e gen aplikasyon ki disponib.

Anrapò ak pwoteksyon pou biznis, dènyèman lejislati a ak Gouvènèn a te pase [House Bill 4647](#) ki, pami lòt objektif, entèdi mèt kay mande lajan anplis lè yon moun ki gen yon ti biznis pa peye lwaye l pou biznis la.

Si gen moun ki pè antre nan makèt pou yo achte Sachè Ble Vil Malden yo, kounye a Walgreens Pharmacy ki sou Route 60, kote w ka achte pandan w tou nan machin ou, ap vann sachè yo.

Mizajou pou Malden sou Kowonaviris


Resous Pandan COVID-19

Pou moun ki bezwen èd, yo ka fè demann nan [Malden Neighbors Helping Neighbors](#) (Moun Malden k ap Ede Pwochen yo) oswa yo ka rele **339-224-4842**.

”SCM Community Transportation” se konpayi endepandan ki mennen granmoun nou yo nan randevou kay doktè e pou fè acha. Yo kontinye bay sèvis transpò pandan y ap suiv tout pwotokòl Konsèy Sane a te bay yo. Fòk ou gen 60 an oubyen plis epi fòk ou abite Malden pou w itilize sèvis **GRATIS** sa a. Yo diminye vwayaj yo fè, men w ka toujou pwograme youn lè w rele **617-625-1191**.

Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè Massachusetts la te pibliye yon [Bwat Zouti ki gen Resous pou Fanmi](#) pou fanmi ki gen timoun ki gen andikap.

Tanpri, Sonje Pran Prekosyon ki Vin Apre yo



Si w Malad oswa w Panse w Gendwa gen Senptòm

1. Itilize [Verifikasyon Senptòm Anliy BuoyHealth](#) la pou evalye senptòm ou genyen yo.
2. Suiv sijesyon verifikasyon senptòm nan ba w yo, oswa si w toujou pa sèten, kontakte etablisman ou konn jwenn swen an, sal ijans lan, oswa yon klinik sante. **Pa ale nan okenn nan etablisman sa yo san w pa rele yo davans pou yo ba w enstriksyon.**

Dirèksyon CDC a Bay

CDC a (Sant Kontwòl Maladi) rekòmande moun mete mas twal sou figi yo lè yo an piblik, sitou kote l difisil pou pratike distans sosyal, tankou nan makèt manje ak famasi.

Pou w Jwenn Plis Enfòmasyon sou COVID-19

Pou w jwenn fèy ransèyman nan plizyè lang, enfòmasyon sou sante mantal pandan pandemi an, konsèy pou byennèt, ak lòt enfòmasyon, [al gade paj fèy ransèyman Massachusetts Depatman Sante Piblik](#) la.